



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



## Akò Prè Teknoloji Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan: Acers K-2

**Modèl Aparèy Elektwonik la:** \_\_\_\_\_ **Sèvis Lapòs/ID Distri** \_\_\_\_\_

Akò a kòmanse (nan dat) \_\_\_\_\_, ant Orange Board of Education, yon sistèm lekòl piblik nan Orange, New Jersey avèk (Non Elèv la ak Paran an) \_\_\_\_\_), yon Elèv ak Paran nan \_\_\_\_\_, (ID elèv la) \_\_\_\_\_.

Koulye a, sepandan, nan konsiderasyon alyans mityèl ki genyen nan Akò sa a toulède pati ki konsène yo dakò ke:

Laptop / Tablèt Odinatè ak Lojisyèl, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan dakò pou'l delivre tablèt / pyès konpitè/òdinatè pyès ak lojisyèl (referans kòm Laptop / Tablèt OBE yo) bay elèv ak paran yo. Elèv la ak Paran an dakò ke tablèt / Laptop OBE a, ki gen ladan yo lojisyèl ki enstale, se pwopriete Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan. Jan aranjman sa yo egzije sa, Elèv la ak Paran an dakò avèk tèm epi kondisyon sa yo lè yo resevwa Tablèt / Laptop OBE a.

Tèm Akò- Tèm Akò sa a efiktif nan dat ki anwo a POU PA DEPASE dènye jou trimès aktyèl la. Akò sa a dwe renouvle pa Elèv la ak Paran an pou chak trimès. Nan oswa anvan dènye jou trimès la ki mete fen avèk tèm prè Eèv ak Paran an avèk Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan, Elèv la ak paran an ap retounen Tablèt / Laptop OBE a bay Depatman Teknoloji Enfòmasyon Konsèy Depatman Edikasyon Orange la. Tablèt OBE / Laptop la ap retounen nan menm kondisyon li te ye nan dat Akò a te siyen an, òdinèman jan li te ye anva, eksepte si gen domaj. Aprè ekspirasyon tèm lan ak toutotan li dire Akò sa a dwe rete an fòs ak an efè, Elèv la ak Paran an dakò pou yo rete responsab pou tout tèm ak kondisyon Akò sa a. Akò a sispann tou lè elèv la gradye oswa li pa nan Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan ankò.

Pandan tèm Akò sa a, Elèv la ak Paran an entèdi fè lokasyon, lwe, vann, bay, bay lwen, oswa otreman prete OBE Tablèt / Laptop OBE a a nenpòt lòt moun. Elèv la ak Paran an konprann Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan pwopriyete Tablèt / Laptop OBE a, epi Elèv la ak Paran an dwe gen dwa sèlman pou utilize Tablèt / Laptop OBE a pandan ak an koneksyon avèk tout tan Elèv la anwole nan Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan.

Elèv la ak paran an dakò pou yo retounen imedyatman Tablèt / Laptop OBE a nan Depatman Teknoloji Enfòmasyon Konsèy Depatman Edikasyon an lè yo mete fen nan Akò sa a. Si Elèv la soti nan Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan bonè, kit se pa retrè, ranvwa, retrè envolonètè, oswa lòt ensidan, Elèv la ak Paran an dwe retounen Tablèt / Laptop OBE a nan lespas senk jou ouvrab bay Depatman Teknoloji Enfòmasyon Konsèy Depatman Edikasyon an. Yon Elèv ki pa anrejistre nan yon lekòl distri a pa konsidere kòm enskri oswa anrejistre, ak se poutèt sa li dwe

retounen Tablèt / Laptop OBE a dapre kondisyon ki nan Akò sa a. Pèmasyon pou kenbe yon Laptop OBE pi lwen pase dat retou espesifye a ka fèt sèlman a moun ke Depatman Enfòmasyon Teknoloji te otorize fè sa. Ekstansyon dat retou Tablèt / Laptop OBE a pa ka fèt pa nenpòt lòt biwo nan Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan, ki gen ladan pwofesè yo, sipèvizè yo, direktè/direktris lekòl yo, ak direktè/direktris depatman yo, elatriye.

Swen ak Itilizasyon- Elèv la ak Paran an dakò pou kenbe Tablèt / Laptop OBE a nan bon kondisyon fonksyonman, reparasyon, ak aparans, epi pwoteje menm aparèy kont deteryorasyon, nan kondisyon òdinè a, eksepte si li te domaje. Elèv la ak paran an responsab pou domaj entansyonèl oswa Tablèt / Laptop OBE a pèdi, ki baze sou valè li vann sou mache a. Elèv La ak paran an dakò pou yo sèvi ak Tablèt / Laptop OBE a pou travay kou edikasyonèl, nan kapasite nòmal li yo, san abi, ak nan yon fason ki reji pa Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan.

Elèv la ak paran an dakò pou yo konfòme yo avèk lwa yo, òdonans yo, règleman yo, ak lòt kondisyon ki ka aplikab ki gen rapò avèk itilizasyon, antretyen, ak operasyon Tablèt / Laptop OBE a. Anplis, Elèv la ak Paran an dakò pou yo konfòme yo avèk tout kondisyon, règleman, ak pwosedi ki gouvènè itilizasyon apwopriye òdinatè ak rezo Konsèy Depatman Edikasyon Orange yo jan sa endike nan Règleman Itilizasyon ki Akseptab pa Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan, avèk yon kopi ki atache avèk akò sa a.

Lè mwen siyen Akò sa a, mwen sètifye epi mwen dakò ke:

1. Mwen te li, konprann, ak aksepte tèm ak kondisyon ki nan Akò sa a:
2. Tout enfòmasyon mwen bay yo vre epi egzakt; ak
3. Mwen rekonèt responsablite pou Tablèt / Laptop OBE a toutan pandan tèm Akò sa a, epi, Se poutèt sa, mwen konprann ke li nan pi bon enterè mwen pou respekte tout règleman Oranj Konsèy Depatman Edikasyon Orange yo ak règleman ki gouvènè itilizasyon Tablèt a. / Laptop OBE a.
4. Mwen aksepte responsablite finansye pou pèt ak / oswa domaj ki soti nan aksyon mwen nan objektif oswa neglijan grav. Pri ranplasman Acer Chromebook la se, \$ 399.00

Si youn nan pati yo gen nenpòt dout oswa konfizyon sou entansyon an oswa objektif nan nenpòt ki tèm ak dispozisyon ki nan Akò sa a, Lè sa a, pati sa a dwe notifiye Manadjè Teknoloji Enfòmasyon Konsèy Depatman Edikasyon an pou plis klarifikasyon ak diskisyon sou entansyon an nan tèm ak dispozisyon sa yo. .

DAT:

(Siyati Paran an oswa Gadyen an)

---

(Enprime Non Paran an oswa Gadyen an)

DAT:

(Siyati Elèv la)

---

(Enprime Non Elèv la)

---

(ID Elèv la)